Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 38 (9949) 29 сентябрь 2023 с. / Рузман 14 рабигIул аввал 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравления




## Уважаемые воспитатели и работники дошкольных учреждений района!

Сердечно поздравляем вас с профессиональным праздником! Вы-первые люди после родителей, которым дети доверяют и с которыми они проводят большую часть времени. Вы вносите большой вклад в их развитие и воспитание. Пусть вся забота и доброта, которые вы дарите воспитанникам, вернётся вам многократно.

С праздником вас!

***1 октября-Международный день пожилых людей. Международным он стал благодаря усилиям Организации Объединенных Наций в 1990 году.***

***С тех пор этот день отмечается по всему миру, он напоминает о важности уважения и поддержки старшего поколения.***




## Уважаемое старшее поколение района!

В Международный день пожилых людей желаем вам улыбок, добра и человеческого тепла. Пусть каждый из вас будет одарён вниманием и пониманием родных, заботой и душевностью.

Долгих вам лет жизни, здоровья и мира в душе. За вашу жизнь вы сделали так много, что заслуживаете уважения, достатка и благополучия.

Счастья вам!




***Эту дату выбрали вовсе не случайно: именно этого числа в 1965 году в Париже состоялась общая встреча двух организаций-Международной организации труда и ЮНЕСКО. А обсуждались на ней вопросы, связанные с образовательной деятельностью.***

***В результате конференции был принят так называемый декрет «О положении учителей», в котором прописали весь существующий педагогический регламент.***

***Международным днём учителя 5 октября стало 29 лет спустя, в 1994 году, по инициативе ООН.***

## *Уважаемые педагоги района!*

От всей души поздравляем вас с профессиональным праздником-Днём учителя.

Объектом вашего труда является самое ценное и дорогое, что есть в нашей жизни-человек. От вас и вашего таланта, педагогического мастерства и умения, мудрости зависят его здоровье, гражданская позиция и в конечном итоге-его место в жизни.

Желаем вам крепкого здоровья, радости, счастья и успехов.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***

***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

# Активалъул данделъи тIобитIана

26 сентябралда районалъул администрациялда тIобитIана активалъул иргадулаб данделъи. Районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана администрациялъулгун гIуцIабазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.



Данделъиялъул байбихьиялда районалъул бетIерас абуна: «*Жакъа нилъеца гьаб данделъиялда хал гьабизе росарал суалал ккола тIолабго районалъе цIакъ кIвар цIикIкIараллъун ва гьел бетIералде рахъинариялъул цIикIкIарасел рахъал раралльун руго бакIазул жавабиял гIадамазда, тIоцебесеб иргаялда, гьел тIуразари росабазул бутIрузул кIигъуждузда тIад регула. ХIалтIи лъикIлъизабиялъе, тIаде росарал масъалаби тIуразариялъе хIаракат бахъулезул нижеца кидаго рахъ кквезеги буго*»,-ян.

ЖКХялъул объектал хасалихълъиялдегун хаслиде хIадур гьариялъул суалалда тIасан кIалъай гьениб гьабуна архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралев ГIалимпаша Абуевас.

Гьес, цифрабаздалъун ва гIатIидгьабун, гьениб бицана, гьоркьобкъотIи гьечIого, районалда газ, ток, лъим чIезариялда, нухал къачIаялда тIад гьабулеб бугеб хIалтIул, цере чIарал масъалабазул ва дандчIвалел захIмалъабазул.

Нилъеда лъала лъайгун тарбия кьеялъул гIуцIабазда бищунго цIикIкIараб къадар чIахIиязулги лъималазулги букIунеблъи. Районалъул бетIерас РУОялъул начальник МухIамадрасул МухIамаевасда цIехана Дубки поселокалъул гьоркьохъеб школалъул котельня хIадур гьабиялъул щиб ахIвал-хIал бугебан, гьесги жаваб кьуна анкьил болжалалда суал бетIералде бахъине бугоян.

ГI.-п. Абуевасул кIалъаялда хурхун, ХI. Мусаевас абуна: «*Нужеда лъала гьаб суалалда сверухъ бугеб ахIвал-хIал. Дида жакъа бихьулеб гьечIо жавабиял хIалтIухъбазул унго-унгояб хIаракатчилъиги жавабчилъиги. Дица нужеда гьарулеб буго, кколеб къагIидаялда тIадги хIалтIун, ругел гIунгутIаби тIагIинариялъе тадбирал гьаре*»,-ян.

Районалъул администрациялъул, бакIазул администрациябазул, подведомственияй гIуцIабазул ва цогидалги пачалихъияб властаалъул хIалтIухъабазул налогазул налъаби рецIиялълъ бугеб ахIвал-хIалалъул гьениб бицана экономикаялъулгун социалияб рахъал цебетIезабиялъул отделалъул начальник Юсуп Агиевас.

Гьес бицаралда тIасан гьабураб кIалъаялда ХI. Мусаевас абуна: «*Налогазул налъаби рецIиялъе лъайкьеялъул гIуцIабазе дица кьолеб буго 10 октябралде щвезегIан заман. Гьелда хадусан гьел кьечIезда тIад батIияб къагIидаялда хIалтIизе руго.*

*Цогидал бакIазда налъаби кьеялълъ бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъикъат дихъе щвезабе ва дица гьеб гIуцIабазе нухмалъулезухъе битIила. Хасаб кIвар кьезе ккола буголъиялъулгун транспорталъул налогал кьеялдеги, щайгурелъул, гьел ккола нужеца хIалтIизаризе ругел гIарцул сурсаталлъун*»,-ан.

Ракьулгун буголъиялъул (тIолабго Россиялъул даражаялда) информациялъул системаялде буголъиялъулаллъун ккол ел объектал росиялъул суалалда тIасан кIалъазе гьенив вахъана муниципалияб буголъиялъулгун ракьул гьоркьорлъабазул отделалъул начальник Мансур Эмеев.

Мансурица бицаралда хурхун, районалъул бетIерас абуна: «*Нилъер районалда гIезегIанал объектал руго хъвай-хъваялде росизе ккол ел. Гьеб суал рукIалиде ккезаби бакIазул администрациябазул бутIрузул хIаракаталда бараб буго. Объектал тIатинариялъ, гьел хъвай-хъваялде ккезариялъ гурищ нужее гIарцул сурсатал щвеялъе рес кьезе бугеб?*

*Гьел гурищ бегьулел ЖКХ цебетIезабиялда тIад хIалтIизаризе, Мансур, мухIкан гьабун, лъазабе гьеб суалалъулъ бугеб ахIвал-хIал. Росабазул бутIрулги гIуцIабазул жавабиял хIалтIухъабиги данде гьарун, нилъ гьеб суал бетIералде бахъинабиялда тIад цадахъ ургъила*»,-ян.

Данделъиялъул ахиралда ХI. Мусаевас абуна: «*Нилъеца гIезегIанал ва батIи-батIиял тадбирал тIоритIула, амма цо-цо тадбиразда гIахьаллъулезул къадар мукъсанаб букIуна. ГIуцIабазе нухмалъулез гьелда кIвар буссинабизе ккела.*

*КватIичIого нилъеца* ***«РакIалдачIеялъул ах»*** *чIезе буго. ХIаракат бахъе гьеб ишалъулъ гIемерал гIадамал гIахьал гьаризе, щайгурелъул, гьелъ бихьизабизе буго нилъер гьарулел ишазде бугеб бербалагьиги цолъиги*»,-ян.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гъум. 2 Байрам кIодо гьабуна

гъум. 3 ХIалхьиялда вукIаниги...

гъум. 4 Фестиваль тIобитIана

# 27 сентябрь-тарбиячиясул Къо!

## Байрам кIодо гьабуна

27 сентябралда районалъул культураялъул Централда тарбиячиясул Къо кIодо гьабиялъул тадбир тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И.И. Шабазов, аппаратализе нухмалъулей Марьям- Асият ХIамзатова, лъайкьеялъул управлениялъул начальник МухIамадрасул МухIамаев, мугIалимзабазул профсоюзалъул председатель МухIамадапанди Дадаев, бакIазул лъималазул ахазе нухмалъулелгун тарбиячагIи, ахазул гьитIичал ва гIуцIабазул вакилзаби.

Тадбир рагьана Дилим росдал №1«Маргьа» лъималазул ахалъул гьитIичазул церерахъиналдалъун.



И.И. Шабазовас, районалъул бетIерасул рахъалдасан, данделъиялъул гIахьалчагIазда байрам баркана ва хIалтIулъ церетIеял рихьизарурал тарбиячагIазе тIугьдулгун грамотаби кьуна. Хадусан кIалъазе яхъарай М.-А. ХIамзатовалъги, данделъаразда байрамги баркун, депутатазул Собраниялъул ва гIолилазул парламенталъул рахъалдасан, хIалтIул церехъабазе тIугьдулги грамотабиги кьуна.

Марьям-Асиятида хадув кIалъазе вахъарав М-р. МухIамаевас, байрамги баркун, данделъиялъул гIахьалчагIазе районалъул лъималазул ахазда бугеб ахIвал-хIалалъул бицана.

Гьес абуна: *«Нилъер районалда буго 16 лъималазул ах ва гьенире хьвадула 2366 лъимер. Киналниги ахазул школалде иналде лъайкьеялъе ихтиярги буго. Гьаниб рехсечIого рес гьечIо гьадинаб хIужаги: гьабсагIаталда ахазде росеян 368 гIарза буго. Гьеб рахъалъ цIакъго хIажалъи цIикIкIараллъун Калининаул, Гертма ва Гуни росабазул лъимал ккола.*




*Районалъул администрациялъ гьабураб хIукмуялда рекъон, моцIие цо лъимералъухъ кьезе кколеб гIарцул къадар 900 гъурщиде бахуна. Лъималазда гьоркьор 21инвалидги 121 лъимер СВОялъул гIахьалчагIазулги буго ва гьезухъа гIарац босулеб гьечIо.*

*Районалъул лъималазул ахазда кинавниги 284 педагог хIалтIулев вуго. Гьел заманалда уна махщел цIикIкIинабиялъул курсазде,гьезда гьоркьор руго тIадегIанабгун цоабилеб категориялъул педагогалги. Мисалалъе: Алмахъ росдал лъималазул ахалда хIалтIулел тIолазулго тIадегIанаб лъай буго.*

*Лъималазул ахазул гьитIичаз, педагогаз жигараб гIахьаллъи гьабула районалда, зонаялда, республикаялда тIоритIулел батIи-батIиял конкурсазда ва гьез гьенир призалъулал бакIалги росула.*

*Бищунго цIикIкIараб кIвар кьезе кколеблъун ахазда хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул суал буго. Гьенир гьелъие хасал алаталги чIезарун руго. Гьединго, ахазда лъикIаб ва тIагIамал квен-тIех чIезабиялъеги зама-заманалда тIоритIула батIи-батIиял дандчIваялгун семинарал»,* -ан.

КIалъаялдаса хадуб МухIамадрасулицаги, районалъул управлениялъул рахъалдасан, лъималазе тарбия кьеялъул церехъабазе тIугьдулгун грамотаби кьуна.

Гьединго, гьенив М.-а. Дадаевги кIалъазе вахъана. Гьесги, байрамги баркун, хIалтIул церехъаби, профсоюзалъул рахъалдасан, грамотабаздалъунги гIарцулал шапакъатаздалъунги кIодо гьаруна.

ЦТКНРалъул директор Зумрат МухIамадовалъги, баркиги гьабун, тIоритIулел тадбиразулъ жигараб гIахьаллъи гьабурал тарбиячагIазе грамотабигун тIугьдул кьуна.

Гьеб тадбир бечед гьабураллъун рукIана Гертма росдал «Лачен», Дубки посёлокалъул №2 «Бакъ» ахазул хIалтIухъабазул церерахъиналги, Дилималъул №3 «Къункъра» ахалъул цо хIалтIул къоялда хурхараб видеороликги.

Гьеб тадбиралда, узухъда, музыкалиял номералгун цере рахъана ЦТКНРалъул хIалтIухъабиги. Руслан, Лайла Имамирзаеваз ва Мухтар ХIайбулаевас гьенир кучIдул ахIана.

Киналниги концерталъулал номераз данделъиялда гIахьаллъаразул ракIазе кIудияб асар гьабураблъи гьезул халатбахъараб хъатчIваялъулъ загьирлъулеб букIана.

Тадбир махщалида нухда бачана ЦТКНРалъул специалист Аймесе ГIисаевалъ.

Абизе ккола халатаб заманалъ тадбир кIочонареблъун гьабиялда тIад гьеб гIуцIараз гIезегIанаб хIалтIи гьабун бугоанин.

## ГьитIичазул рекIелал

***Лъималазул ахазул тарбиячагIаз гьабулеб хIалтIи гIемераз цIакъ бигьаяб ишлъун рикIкIуна. Узухъда, захIматищ букIинеб къоялъ лъималгун расандизе, кьурдизе, кучIдул ахIизе, суратал рахъизе, хадубги, кваназеги гьарун, гьел кьижизе лъезе. ЦIакъ бигьаяб иш гьечIищ? Амма гьеб гьедин гьечIо. Гьеб хIалтIиялъулъ хIажалъула кIудияб сабруги, недегьлъиги, рокьиги, цIодорлъиги, гIакълуги. В.Сухомлинскиясул руго гьадинал рагIаби: «… гьитIичазул унго-унгояв тарбиячилъун вахъине ккани, гьезие ракI кьезе ккола», - ян.***

Нилъер районалъул лъималазул ахазда гьединал руччаби хIалтIулел руго. ТарбиячагIи, гьезул кумекчагIи ва цогидалги лъималазул гIумру ахазда талихIаблъун гьабулел киналго реццалъе мустахIикъалги руго.



Ленинаул росулъа Пайнусат МухIамадовна Хасаева «Чебурашка» лъималазул ахикь, 1984 абилеб соналдаса байбихьун, хIалтIулей йиго. Жиндир гIумруялъул цIикIкIунисеб бутIа гьелъ росдал гьитIичазе кьун буго.

*- Пайнусат МухIамадовна цIодорай, кверзул махщел бергьарай, коллективалъе гIакълу кьун, умумулгун ва гьитIичалгун берцинаб калам гьабун бажарулей ва гьечIого гIоларей гIадан йиго. Гьелъ жиндирго хIалтIи гIуцIула умумузеги гьитIичазеги данде кколеб къагIидаялда. ГIумруялъул ва хIалтIул хIалбихьи бугей Пайнусат гIолохъанаб гIелалъе насихIатчIужулъунги ккола,*-ян разиго бицана «Чебурашка» лъималазул ахалъе нухмалъулей Пари Анарбеговна Алтумирзаевалъ.

Цо кинаб бугониги, гьунар камураб лъимер букIунаро. Аслияб жо буго гьезулъ бугеб гьунар-махщел тIатинаби ва гьел цо рахъниреe ккезари. Гьелъие гIоло гIемерал ва батIи-батIиял тадбирал гьарун, гьелъ гьитIичал лъай босиялде ва кверзул махщалиде ругьун гьарула. Лъималазул ва жиндирго хIалтIабигун Пайнусат чанго нухалда районалъул ва республикаялъул даражаялда тIоритIулел къецазулъги гIахьаллъана. Гьенир призалъулал бакIалги щвана. ГьитIичазул рекIелай Пайнусатида гьелъ куркьби гъола. РакI унтун гьабураб хIалтIуца хIасил кьечIого хутIуларо. Гьелъие гIоло Пайнусат Хасаева районалъул администрациялъ ва лъайкьеялъул управлениялъ чанго нухалда грамотабаздалъун кIодо гьаюна.

Гьелъ абуна: *«Бищунго хирияб шапакъатлъун дие лъималазул бажариялъе кьураб къимат ккола»*,-ян.

Пайнусат гIадиназул хIалбихьиялдасан гIолохъанал специалистазулги махщел цебетIола.



Гертмаялдаса Асият ГIабдусамадовна Мусаевалъе жиндирго пиша цебетIеялъе «Лачен» лъималазул ахалъул хIалбихьи бугел тарбиячагIазул хIаракат мисаллъун букIана. ХIалтIизе ячIун заман иналде, гьелъ жиндирго бажариги лъайги бихьизабуна. Къокъабго заманалда Асиятица лъималги гьезул улбулги недегьлъиялдалъун ва берцинаб, хIеренаб каламалдалъун асир гьаруна.

ГьитIичалгун гьарулел творческиял хIалтIабазулъ Асиятица умумулги гIахьал гьаризе хIаракат бахъула. Гьединаб къагIидаялъ умумулгун бухьен щула гьабула, хIасилги лъикIаб кьола.

Гьединал къагIидабаздалъун гьелъ гьитIичазул пикру буссинабула цоцазда гьоркьор берцинал, недегьал гьоркьорлъаби рукIине ккеялде. Хадусеб гIумруялда хасияталъул цIакъ хIажатал рахъазул аслу гьитIичазулъ лъей тарбиячIужуялъул аслияб мурадлъун ккола. *«ГьитIинго босараб лъай-ганчIида бикIараб накъищ»* абун кици буго магIарулазул. Гьеб бугин Асиятил хIаракаталъул къагIидаян абуни, цIакъ битIун букIина.

*- Жийго соназ гьитIинай йигониги, нижгун хIалтIулей 7 соналда жаниб, Асият пишацоязул, умумузул рокьиялъеги адабалъеги мустахIикълъана. Гьелъулъ цIикIкIараб бажари букIинги якъинго бихьулеб буго. Цере чIарал масъалаби тIуразе гьелъул хIаракат цогидал гIолохъанал специалистазе мисаллъун буго. Гьелъие гIиллаги Асиятил лъималазде бугеб рокьи бугилан абуни, мекъи букIинаро,*-ян бицана «Лачен» лъималазул ахалъе нухмалъулей Сидрат МухIамадовна Чалуховалъ.

Асиятица киналгIаги махщелчилъиялъул къецазулъги гIахьаллъи гьабула. КIиго нухалда гьелъ республикаялъул «ЛъагIалил тарбиячIужу» къецалда лъикIаб хIадурлъигун кIудияб бажари бихьизабуна. Цо нухалда гьей гьеб къецалъул лауреатлъунги яхъана.

Жавабияй, бажари бугей тарбиячIужу Асият Мусаева *«РДялъул лъайкьеялъул отличник»* цIаралъе ва республикаялъулгун районалъул даражабазул грамотабазе мустахIикълъана. Гьелда тIадеги гьей тIадегIанаб категориялъул тарбиячIужулъун ккола. Махщел камилай Асиятил пишаялдаса цIакъ рази ругоан гьитIичазул улбул ва районалъул лъайкьеялъул управлениялдаса методист Мариям ЛатIипова.

Дицаги Асиятие махщелчилъиялъул рахъалъ гIатIидаб нух гьарула.

*Динара Батиева*

# Валентина Матвиенко-Дагъистаналда

Дагъал церегIан къояз, Валентина Матвиенкол нухмалъиялда, Федерациялъул Советалъул делегация гIахьаллъана МахIачхъалаялда тIобитIараб IX абилеб *«Россиялъул тарихалъулгун культураялъул ирс»* абураб парламенталъулаб форумалда.

Гьелъул доклад *«Культураялъул ирс-Россиялъул миллатал цоцазда рич!чIиналъе къучI»* темаялда хурхараб букIана.



В. Матвиенко, республикаялъе нухмалъулелгун цадахъ, СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразулгун гьенир гIахьаллъулезул хъизабигуни дандчIвана.

В. Матвиенкоца рагъухъабазул умумузе, гьезул хъизабазе гьез гьабураб саб руялъухъ ва лъималазе къураб тарбиялъухъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна. ГьенибгоборхановорхINа, пачалихъалъул даражаялда, рехсарал хъизабазе кумек гьабиялъул суалги.

Гьеб дандчIваялъул гIахьалчагIазул ракIазе кIудияб асар гьабураблъун нилъер районалдаса СВОялда гIахьаллъулел лъабго рагъухъанасул эбел Зубайшат ХIамзалаевалъул кIалъай букIана.

***Динара Батиева***

# Эбелалъул ракIалде бахунеб цоги щибниги гьечIо

Нилъер лъида лъалареб жиндир лъимер хвасар гьабизелъун эбел цIадае кIанцIизеги гьелъие гIоло гIумру кьезеги хIадурай йикIин? Нижеца газеталда цо чанго нухалда хъван рукIана армиялде гIолилал тIоритIулелъул,СВОялъулъ гIахьаллъизе районалдаса гIадамал унелъул гьезул умумуз нух битIиялъе абурал рагIабазулги гьез, хасго улбуз, гьабураб сабруялъул хIакъалъулги.

Гьединго, нижеца хъван букIана СВОялда гIахьаллъулезухъе цо-цо умумул щвезе иналъул хIакъалъулги, амма Дубки посёлокалдаса ХIапизат Дадаевалъ гьабураб нилъер гьаниса цониги гIужугIаданалъ гьабун букIинчIо. СВОялда гIахьаллъулев кIудияв васгун цадахъ, гьей дова гIахьаллъулев гьитIинав всасухъе щвезе ана.

Узухъда, эбелги вацги тIаде щвеялъ Расул Дадаевасул рекIее гьабураб асаралъе гIорхъи букIинчIо. ХIабизат нахъюссун йикIин лъарабго гьелъухъе щвезе районалъул бетIер Х.Х. Мусаев ана.

Гьейгун ккараб гара-чIвариялда ХIажимурадица гьелда цIехана фронталда бугеб



ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ. ХIапизатие тIугьдузул квацIи, Баркалаялъул кагъатги кьун, гьуинлъабазул корзинаги сайгъат гьабун, районалъул бетIерас гьелда абуна: *«Дудаго цере чIарал масъалаби бетIераллде рахъинаризе захIмалъулеб бугони, дун дуе кумек гьабизе хIадурав вуго.*

*Республикаялъул бетIер С. Меликовасул ва дирго рахъалдасан дица дуе загьир гьабулеб буго ракI-ракIалъулаб баркала. Дуца гьабураб иш ккола бахIарчияблъун ва къиматаблъун. Нагагь цоги нухалда васазухъе ине бокьани, нижеда лъазабе, нижеца дуе бажарараб кумек гьабизе буго»*,-ян.

Жиндирго иргаялда, ХIапизатицаги ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна районалъе нухмалъулезе жинца гьабураб ишалде кIвар кьеялъухъ. Гьелъ абуна: *«Дида ракIалдецин ккун букIинчIо васасухъе щвезе иналде гьединаб кIвар кьелилан ва гьение унелъул дир рекIелъ щибниги хIинкъи букIинчIо»*,- ян.

***Ибрагьим Идрисов***

*5 октябрь-мугIалимасул Къо!*

# ХIалхьиялда вукIаниги...

Гьеб букIана дунги лъадиги Калининаул росулъе мугIалимзабилъун хIалтIизе ритIараб 1975 сон. Нижее цIияб коллективалъулъе лъугьине квербакъаразул цоявлъун вукIана гIолохъанав гIурус мацIалъулгун литератураялъул мугIалим, бакIалдасаго Динуч Мухтарович Динаев.

РакI рагьарав, кIвахIгьечIев, гIададисеб калам гьабуларев, кидаго кумекалъе хIадурав Динуч мугIалимза базда, бакIалъул гIадамазда гьоркьов къадру-къиматалда вукIин бихьизеги гIемераб заман дие хIажалъичIо. Директорлъун вукIарав Палихан Гьириновасги(ж.м.ч.) Динучицаги дие гIемераб кумек гьабуна гIадамалги гьезул гIадаталги лъазаризе.

Къокъгьабун абуни, гIолохъанав вукIиналде балагьичIого, гьев вугоан коллективалда гьоркьоб рагIи бильлъанхъаразул цоявлъун.

Ниж цадахъ хIалтIарал соназ, узухъда, гьес дие гьабураб кумекалъул, гIурус мацIалъул грамматика лъазабиялдаса байбихьун, бицине ккани, тIубараб тIехь хIажалъула, амма дир мурадлъун гьеб кколаро, дие бокьун буго лъикIал ишал гьарулаго гIумру арав гьев райониоцзда лъазавизе.

Динучил хIакъалъулъ дида гIемераб лъалеб букIаниги, дун гьевгун дандчIвана ва, къокъгьабун, дица гьесулгун ккараб гара-чIвари гьоркьеулеб рехсолеб буго. Дир мурад бициндал, жиндиего гIадатаб, гIодобе биччараб гьаракьалдалъун ва хасиятаб махсаро-хочIгун, гьес байбихьана: *«Дун гьавун вуго, Шарип, битлун тIабигIат чIагоьулебги берцинлъулебги заманалда, ай, 1952 соналъул 25 маялда.*

*Дудаго лъала нилъер лъимерлъи кинаб букIарабали. Дир эмен кколаан КIудияб ВатIаниябрагъул гIахьалчи. Гьевги эбелги (Мухтар ва Сукайнат, ж.м.ч.), мухъулал колхозчагIилъун кколаан. Дир инсухъ, гьесул инсухъго гIадин, цIулал устарлъиялъул махщел букIана. Гьес гьарурал гордал, нуцIби ва цогидал тIагIелал росу тун къватIирехунцин унаан.*

*Гьанибго рехсон тезин дир кIудияв инсухъги букIун буго цIулал, ганчIил, махщел устарасул махщелал. Алмахъалда «кIамури кьо» баразул цоявлъунги гьев кколев вукIун вуго.*

*Нижер кIудияб хъизан букIана (5 вас ва 3 яс). Дудаго лъала дол соназ гьединаб хъизан хьихьизе кигIан захIмат букIарабали, амма эбел-инсуца, цадахъ рекъон, хIалтIи гьабиялъ гьезда киналго лъимал гIумрудул нухда тIоритIун бажаранаб гьел жиде-жидер магIишатаздаги руго.*



*Заман тIаде щварабго, дун школалде ана. Дол соназ тIубараб гьоркьохъеб школа росулъ букIинчIо, ва дагьал моцIаз ниж Ленинаулалде хьвадизе ккана.*

*1969 соналъ дун ДГУялъул филологическияб факультеталда лъугьана,ва, 1974 соналъ гьеги лъугIизабун, гIагараб росулъе тIадвуссана.*

*МугIалимлъиялъул захIматаб нухде гали тIамизе дие кидаго кумекалъе хIадуралллъун рукIана гIумрудул хIалбихьи букIарал ва жидер мунагьал чураял Палихан Гьиринов, ИсмагIил Инусов, Надирбег Ачабаев,ва жеги мухъиль ругел Насир Басиров, СайгидахIмад ГIабдулхIамидов ва цогидалги.*

*МугIалимлъиялда цо лъагIел арабго, нужги рачIана гьенир хIалтIизе. Гьелдаса байбихьун, нилъ цадахъ хIалтIулеги рукIана. Дудаго лъала, 1980-1983 соназ дица тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместителасул хIалтIи бачунеб букIараблъи ва 1983 соналъ дун росдал сельсоветалъул председательлъун тIамураблъи.*

*КIиго соналъ гьеб хъулухъалдаги вукIун, 1985 соналъ дун школалде тIадвуссана. Гьелдаса байбихьун ва 2006 соналде щвезегIан дица лъайкьеялъул рахъалъ, директорасул заместителасул хIалтIи бачана.*

*2006 соналъ дун школалъул директорлъун тIамуна ва лъабго соналъ гьеб хъулухъалда вукIана. РакIбацIцIад мугIалимасул хIалтIи гьаби бигьаяб иш гуро.*

*ГIадада гуреб СССРалъул заманалда, 25 соналъ хIалтIарабго, мугIалимал хIалхьиялде ритIулел рукIарал, 2010 соналъ дида бичIчIана хIалтIи тезе заман щун букIин ва дун хIалхьиялда ана»*,-ян.

БатIи-батIиял хъулухъал ракIбацIцIад, бажаризабун тIураялъухъ Динуч мустахIикълъана ВатIаналъул, жамгIиял гIемерал шапакъатазе. СССРалъул заманалда гьев кIодо гьавуна *«Социалистическияб къецалъулъ бергьенлъи босарав»*, *«РФялъул лъайкьеялъул отличник»* цIараздалъун, ХIурматалъул грамотабаздалъун, Баркалаялъул кагъатаздалъун ва цогидалги шапакъатаздалъун. Запасалъул кIудияв лейтенант Динуч захIматалъул ветеранлъунги ккола.

Гьес цоги бицана: *«Дие цIакъ бокьула-ан умумузул, гIагараб районалъул, росдал тарих лъазабиялда тIад хIалтIизе, амма хIалтIиялдаса гьеб рахъалде вуссине дие заман гIолеб букIинчIо. ХIалхьиялде арабго, нижеца гIуцIана хасаб къокъа ва гьелда тIад хIалтIизе байбихьана.*

*2011 сонадаса байбихьун, нижеца къватIибе биччалеб буго «Салатавия-Алмахъ» журнал. Гьеб цого Алмахъалъул, гьелъул гIадамазул тарих рехсолеблъун кколаро, гьелда нижеца нилъер районалъул, гьелъул гIадамазул ва цогидалги кIвар цIикIкIарал рахъазул тарихазда хурхарал макъалаби рахъула.*

*Цоги, хIажалъи ккаразе дица гьитIинал брошюркаби рич!чIала, гьедин цо чанго гьел къватIиреги лъугьана. Къокъгьабун абуни, гьеб рахъалъ нижер группаялъ гIезегIанаб хIалтIи гьабуна, Аллагьас хъван батани, гьабизе ракIалдаги буго»*-ян.

Гара-чIвариялъул ахиралда, цоги дида дандчIвачIеб цIаралъул хIакъалъулъ гьикъидал Динучица бицана: *«Диеги цIакъ бокьун букIана гьеб цIар киса бачIарабали лъазе ва дица гьелъул цIех-рех гьабуна.*

*Арал XIX ва XX абилел гIасрабаз нилъер ракьалда тIоритIарал магIишатиял хьвай-хьвавяздасан баянлъана, инсул рахъалдасан, дир кIудияв инсуде «Динул Ислам»,-ан цIар букIараблъи, хадусан гьарурал хьвай-хьвавязда гьеб «Динав»,-ан хъван бугоан. Дир цIар гьеб къокъгьабиялдасан лъугьун букIине ккола»*,-ян.

Дидаги гьединго ракIалде ккун букIанинги абун, нижеца гара-чIвари лъугIине тана.

ГIагараб ракьалъул тарихалда тIад гIезегIанаб хIалтIи гьабизе кколеб бугониги, гьес жигараб гIахьаллъи гьабула, росдалгун, районалъул жамгIияб хIалтIулъги. Гьев районалъул ЖамгIияб палатаялъул членлъунги вукIана. ГьабсагIаталда Динуч ккола росдал харабазул Советалъул председательги районалъул Советалъул членлъунги. Динучицаги лъади Зайнапицаги гIезавуна кIиго вас, гьел жиде-жидер магIишатаздаги руго.

Гьезул цояв-Сулайман Динаев лъаларев чи районалда ватиларо, гьев районалъул социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъул начальниклъун хIалтIулев вуго. Гьеле, гьединав вуго нижер Динуч Мухтарович Динаев.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Фестиваль тIобитIана

Арал гIодоркъоязда Дилим росдал туристазул гIурдаллъиялда Расул ХIамзатовасе 100 сон тIубаялда ва тIолгодунялалъул туризмалъул къоялда (27 сентябрь) хурхараб туристазулгун гIагараб ракь лъазабулезул фестиваль тIобитIана.

Районалъул физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул, лъайкьеялъул управлениялъул, гIолилазул парламенталъул хIаракаталдалъун тIобитIараб гьеб тадбир тIобитIиялъул рахъ *«Цогояб Россия»* партиялъул бакIалда бугеб отделениялъги ккуна.

Спорт, туризм церет1езари, гIагараб ракь лъазаби, патриотикияб тарбия кьей цIикIкIинаби ва хIалбихьиял цоцазухъе кьей мурадалда тIобитIараб гьеб фестивалалда гIахьаллъана районалъул школаздаса 8 команда.

Рехсараб отделалъул начальник Ибрагьим Булатхановас, лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул председатель МухIамад-апанди Дадаевас, СВОялъул гIахьалчагIи: ХIажияв Абакаровас ва Килясхан МухIамадовас данделъаразе бицана гьединал тадбираз спорт, туризм церетIезариялъе, патриотикияб тарбия кьеялъе, гьудул-гьалмагъльиялъулгун вацлъиялъул бухьенал щула гьариялъе квербакъулеблъиялъул ва гьез кIудияб пайда кьолеблъиялъул.




АнлъгобатIи-батIиял бутIабаздасан (1. туристазулаб квал-квалазул мухъ, 2. художественнияб самодеятельность, 3. тIоцебесеб медицинаялъулаб кумек, 4. гIагараб ракь лъазабиялъулаб викторина, 5. тартибалда лъураб къуватаб упражение, 6. хурдул, кваназе бегьулелгун загьруял гIурдалхIанал) гIуцIараб гьеб фестивалалъул бутIабазда (бергьенлъи босарал командаби гьанир рехсолел руго тIадехун скобкабахъ кьурал номеразде данде кколеб къагIидаялда.

1. Буртунаялъул СОШ. 2. Гьебо школа. 3. Калининаулалъул СОШ. 4. Дилималъул гимназия. 5. Ленинаулалъул № 1 СОШ. 6. Ленинаулалъул № 2 СОШ.

Призалъулал бакIал росарал командаби гьенир кIодо гьаруна кубоказдалъун ва къиматал сайгъатаздалъун.

***Ибрагьим Булатханов***

# Культураялъул Рукъалъул зал цIи гьабуна

Нилъер районалъул гIадамазда гьоркьоб гIемер бицунеб букIана культураялъул, лъайкьеялъул, спорталъул ва цогидал социалиял рахъазда хурхарал объектал раялъул, гьел цIи гьариялъул, нухал къачIаялъул, гьоркьобккотIи гьечIого, гIадамазе ток, газ, лъим чIезариялъе гьабулеб хIалтIул хIакъалъулъ.

Гьелда тамашалъи гьабизеги кколаро, щай абуни, гьедин букIинабиялде ахириял соназ кIудияб кIвар кьолеб буго федералияб,республикаялъулаб ва районалъулаб властаз. Дагьалъ чIахIияб гIелалда лъала СССР биххун хадусан тIадехун рехсарабщиналде тIалъиялъул букIараб бербалагьиги



гьелъул ккараб хIасилги.

РакIалдаса унаро Калининаул росдал культураялъул Рукъалъул букIараб ахIвал-хIал. Гьелъул директоралъ, библиотекаялъул хIалтIухъабаз жидерго гIарцудалъунги спонсорал ралагьунги жалго ва тIаде рачIарал русссиналъе санагIалъаби гьаруниги, гьеб рукъ тIубанго биххиялда хIинкъи букIана.

Цо нухалда гьениве щвараб заманалда, гIадамал данделъулеб залалъул нуцIби рагьунги рихьун, дун жаниве лъугьана. Гьеб жаниса тIубанго хвезабун бугоан ва гьенир боцIиги гIигун цIаниги ругоан. Гьеб цIидасан къачIан бихьиялда дир щибниги божилъиги узухъда, букIинчIо. Дагь-дагьккун, гьеб рукъалда тIад хIалтIи гьабизе байбихьана.

Хисана тIох, жанисел кабинетал къачIана. Росдал администрациялда гьелъул бицен ккедал администрациялъул бетIерас абуна:«*Залалдеги урга щвела*»,-ян. Гьелда тIад хIалтIи гьабизе байбихьун хадусан, дун цо чанго нухалда гьениве щвезе ана ва гьелъул хисулеб гьумералъ дир рекIелъе хьул рещтIине гьабуна.

Гьале, ахиралде щвана гьелда тIад гьарулел хIалтIаби ва кватIичIого гьеб рагьизе бугилан лъазабуна.

20 сентябралда, гьелда хурхараб тадбир тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана районалъул администрациялъул аппараталье нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатова, культураялъул отделалъул начальник Абубакар Ибрагьимов, ЖамгIияб палатаялъул председатель ХIажи Адимирзаев, Калининаул росдал бетIер ХIажи ХIажиев, жамагIатчагIи, мугIалимзабигун цIалдохъаби ва культураялъул хIалтIухъабигун массовияб информациялъул вакилзаби.

Гьений кIалъазе яхъарай М. А. ХIамзатовалъ, районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасул рахъалдасан, данделъаразда баркана зал хIалтIизе биччай, гьесулго рахъалдасан, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна РДялъул бетIер Сергей Меликовасе, хIукуматалъе, культураялъул министерствоялъе зал къачIаялъе квербакъаралъухъ.

Хадусан кIалъазе рахъарал ХI. ХIажиевас, «ЦIумур» лъималазул ахалъе нухмалъулей Залина Ярагьиеваль, культураялъул Рукъалъул директор ПатIимат Саладихановаль, ХI. Мусаевасе, А. Ибрагьимовасе ва цогидалги зал къачIаялда кверчIвaразе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна.

Залгун сверухъ бакIал къачIаялъ бакIалъул гIадамазе рес кьуна культураялъул Рукъор батIи-батIиял кружокал рагьиялъеги хIухьбахъи гьабизе гьенире иналъеги.

Данделъиялъул ахиралда гьенир гIахьаллъаразда цере концерталъулаб программагун рахъана культураялъул Централъул, росдал СДКялъул хIалтIухъаби ва РДШИялъул цIалдохъаби.

Гьанже хIажат буго зал цIуниялъе тадбирал гьаризе. РакIалде ккола СДКялъе нухмалъулез гьелде кIудияб кIвар буссинабилин ва гьезда гьеб цIунун бажарилин.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

# Мемориалияб хъарщи лъуна

Нилъеда лъала Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда нилъер районалдаса гIезегIанал гIолохъаби гIахьаллъулел рукIинги, гьез гьениб бахIарчилъи бихьизабулеб букIинги, гьезда гьоркьор камиял ккараллъиги.




Гьезул цоявлъун Дилим росулъа «*Бихьинчилъиялъул*»орден щварав Имам-паша Абужанатовги вукIана.

Дагьал церегIан сентябралъул къояз гьев гIураб рукъалъул къадалда мемориалияб хъарщи лъеялда хурхараб данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцалов, ЖамгIияб палатаялъул, харабазул Советалъул председателал ХIажи Адимирзаев ва Сайрудин НургIалиев, Дилим росдал бетIер Арсен Магьдиханов, «*Улбузул къуват*» республикаялъул жамгIияб гIуцIиялъул председатель Сафижат МухIамадрасулова, Имам-пашал гIага-гIунтIарал, гьудул-гьалмагъзаби ва цогидалги.

***Ибрагьим Идрисов***

# Объявление

Утерянный аттестат В №2176439 об основном общем образовании, выданный Дылымской гимназией в 2006 году на имя Абакаровой Марьям Раиповны, считать недействительным.

**БетIерав редактор:**
И.Б.Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:** ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**